

# Anpile yo, Frape yo Atè!

## Nan itilize Tas yo Ti Men yo

Tas ki gen tout fòm ak tout gwosè yo kapab timoun ou an okipe pandan pi lontan pase sa ou gendwa panse. Chak nan aktivite sa yo bati kowòdinasyon ak kontwòl nan misk men timoun ou an.

**Remake:** Yo ka jwenn founiti ki soulinye yo nan kit ou a. Founiti ki an *italik* yo ou gendwa genyen yo lakay ou oswa ou kapab itilize yon bagay ki sanble.

### Konsèy sou Zouti yo

Tas an plastik oswa an papye yo bon pou li jwe avèk yo. Men kèk plastik di yo kapab file si yo kase. Chwazi tas an plastik ki pi mou pou bati.

## Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 2 ak 3 Ane yo

- **Nan yon liy.** Bay timoun ou an anpil tas an plastik yo tout anpile ansanm. Yo gendwa wè fason mache ansanm, tankou yon kastèt (puzzle). Itilize riban adezif sou yon tab oswa planche a pou kreye yon liy oswa yon fòm. Envite timoun ou an gaye tas yo epi swiv riban adezif la pou mete tas yo an liy.
- **Frape yo atè.** Bay timoun ou an kèk tas an plastik. Envite li eseye bati. Travay ansanm pou fè yon senp tou oswa piramid avèk twa tas. Answit, kite yo frape yo atè!
- **Ri anpil!** Bay timoun ou an kèk tas an plastik ak lòt materyèl tankou baton tikawòl yo, moso lenn, chalimo yo, ak lòt ankò. Ajoute bagay ki soti lakay ou tankou tib papye twalèt yo ak katon ze yo. Kite yo bati nenpòt jan yo chwazi.



## Prensip Fondamantal yo

Bay timoun ou an anpil tan pou li eksplore tas an plastik yo. Kite yo swiv enterè pa yo. Yo gendwa gaye yon pil. Mete yo an liy. Bati yon bagay ki wo. Ranmase ak vide dlo oswa sab. Klase objè yo nan tas diferan plizyè fwa.



Plis! 

## Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 3 ak 5 Ane yo



- **Pi gwo ak pi wo.** Bay timoun ou an anpil tas an plastik. Ankouraje li bati yon gwo piramid avèk omwen senk tas nan pati anba a. Answit fè li pi gwo ak pi wo. Itilize kantite tas ou genyen. Envite li eseye pran yon tas soti nan mitan an san tout bagay la pa tonbe. Yo pral bezwen pou men yo byen solid!
- **Ti monn yo.** Mete diferan materyèl tankou tas plastik yo, baton tikawòl, moso lenn, katon ze yo, ak tib papyè twalèt yo. Envite timoun ou an jwenn kèk ti jwèt prefere yo a, tankou ti poupe yo, bèt yo, oswa machin yo. Kreyey yon ti monn ou pretann pou jwèt yo. Rakonte istwa ansanm sou timonn timoun ou an. Ki avanti ki pase isi a?
- **Defi enjeniri yo.** Rasanble materyèl tankou tas plastik yo, baton plastik yo, riban adezif, ak plis ankò. Ekri kèk difikilte lè ou ap bati pou timoun ou an sou yon moso papyè. Ide yo kapab genyen ladan: Bati yon estrikti nan itilize tout tas yo. Bati yon ki pi wo ou kapab. Bati yon pon. Plwaye papyè a epi fè timoun ou an pran yon difikilte mistè pou eseye. Answit, kòmanse bati!



## Bonis!

**Aktivite sou Tout Kò.** Jwenn kèk espas lib sou planche lakay ou a. Mete yon liy riban adezif sou planche a. Fè timoun ou an anpilte tas an plastik kèk pye distans ak liy la. Envite li woule ti balon plaj la nan direksyon tas yo, tankou boling. Deplase riban adezif la pi lwen pou plis difikilte.

## Bagay pou ou di

**“Hmm. Konbyen tas nou anpile?”**

Itilize mo sou gwo, wotè, ak kantite. Konte tas yo. Dekri piramid ou a tankou wo oswa kout. Timoun yo ap koute ou epi yo ap aprann nouvo mo ak ide pandan yo ap jwe a.

**“Si ou mete twa tas anlès anwo, kisa ki pral rive?”**

Mande timoun ou anpanse sou kisa lipanse pral rive epi fè li devine. Answit eseye li an reyaltite epi gade kisa ki ap rive!

**“Pa gen pwoblèm. Annou rekòmanse.”**

Sa kapab fwistran lè tou ou a tonbe avan ou fini. Ankouraje pitit ou a kontinye eseye epi petèt fè kèk bagay yon fason diferan. Lè li lè pou netwaye, frape li atè kapab fè pati amizman an!